2022 АНЗ – УÆРÆСЕЙ АДÆМТИ КУЛЬТУРОН БУНДАЙРАДИ АНЗ

# Царди айдæнæ

Газет «ДИГОРИ» сæрмагонд уæлæфтауæн

№4, 8 июль, 2022 анз.

0+

## ХЪÆППÆРЕС

## «БОЛÆМÆРГЪÆ»-ЙИ ЗÆЛТÆ ИССÆНЦÆ НИФСДÆТТÆГ

Цалдæр анзей размæ Республикæ Хонсар Иристони Минæвайрадæ Уæрæсей Федераций бавдиста арфиаг хъæппæрес – арæзт æрцудæй Æхсæндуйнеуон литературон преми «Болæмæргъæ». Ес си, уруссаг æвзагбæл уадзимистæ ка финсуй, уони исфæлдистадæн исаргъ кæнуни фæдбæл сæрмагонд номинаци дæр.

Æма нур дæр Минæвайрадæ æма преми «Болæмæргъæ»-йи совет игъосун кæнунцæ, 2022 анзи преми райсуни фæдбæл авторти куститæ есун ке райдæдтонцæ, уой.

Æркастмæ бадæттæн ес куд комкоммæ ирон æвзагбæл финст уадзимистæ, уотæ æндæр æвзæгтæбæл финст уадзимисти тæлмацтæ.

Конкурсон къамисмæ бадæттæн ес романтæ, уацаутæ, радзурдтæ, кенæ уæхæн æма æндæр уадзимисти æмбурдгæндтæ, уæдта документалон прозæ æма мемуартæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма авторти кæми цæрунцæ æма уадзимистæ мухургонд кæми æрцудæнцæ, еци æууæл преми райсунæн æгириддæр гæрæнтæ не 'вæруй. Конкурсон къамиси унаффæй литературон ериси «Болæмæргъæ»-йи уæлахезонтæ хуарзæнхæгонд æрцæуудзæнæнцæ:

***Фиццаг преми – 60 мин соми;***
***Дуккаг преми – 40 мин соми;***
***Æртиккаг преми – 30 мин соми.***

Конкурси архайуни фадуат ес, 14 анземæй 41 анзей уæнгæ кæбæл цæуй, уæдта ирон æвзагбæл финсунмæ дæсни ка 'й, уонæн.

Преми райсуни фæдбæл еугур æрмæгутæ дæр бадæттæн ес 2022 анзи 30 декабри уæнгæ.

Премий туххæй уагæвæрд лæмбунæгдæр базонæн ес Республикæ Хонсар Иристони Минæвайради официалон сайти. Уомæй уæлдай, еугур фарстатæ дæр бадæттæн ес премий секретариатмæ уæхæн телефонæй: **+7(495) 644-27-57.**



КЪЕСАТИ Марати конд хузæ «Саулагъз» («Смуглянка»).

**Нæ рагфидтæлти фæдзæхститæй:**
*«Еу лæг æ фуни цумуйнаг фæууидта, фал имæ едуг нæ адтæй. Иннæ æхсæвæ æд едуг бафунæй æй, фал цумуйнаг нæбал фæууидта...»*





# БИЙНОНТÆ ТУХГИН ÆНЦÆ СЕ 'НГОМ ЦАРДИУАГÆЙ!..

НÆ РАГФИДТÆЛТÆЙ нин байзадæй мæнæ ауæхæн зундгин загъд: «Хуарз хæдзарæн – хуарз номхæссæн!..» Хæдзарæ хуарз уæд фæууй, æма си бийнонтæ æнгомæй, кæрæдзей лæдæргæй ку фæццæрунцæ. Нæ рагфидтæлтæ ма хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Æ бийнонтæ хæларæй кæмæн цæрунцæ, уомæн æ хæдзари бæркад берæ 'й!..» Бийнонти цардарæзт раги дзаманти хъæбæр бæрзонд цæстиварди адтæй нæ адæммæ, уотæ 'й нимадтонцæ, æма еу бийнонтæ дæр æнæгъæнæ гъæубæстæн дæр æнцæ æ цæсгон, е 'гъдаудзийнади æвдесæн.

Гъулæггагæн, фæстаг рæстæгути ивадæй-иваддæр кæнуй, бийнонтæ адæми 'хсæн цæргæй, сæ хуæрзæгъдаудзийнадæбæл æновудæй ку архайдтонцæ, еци фæткæ. Уотæ дæр зæгъун æнгъезуй, æма бийнонтæ æма æхсæнадæ кæрæдземæн еуцæйбæрцæдæр исæцæгæлон æнцæ, алкедæр си хебарæй кæнуй æ хабæрттæ. Æма уæхæн уавæри фæстеугутæ ба зæранæй уæлдай неци хæссунцæ. Бийнонтæй алкедæр гъæуама лæдæра, дзилли 'хсæн цæргæй ибæл цæйбæрцæбæл агъазиау бæрнондзийнадæ æвæрд ес, уой. Мадта дзиллæ дæр гъæуама ауодонцæ алли хецæн бийнонтæбæл дæр, уомæн æма си ка циуавæр зундирахастбæл хуæст уа, уомæй аразгæ 'й еумæйаг цардиуагæ.

Зондзинайтæ 'й, рагон дзаманти бийнонтæ цийфæнди берæ ку уиуонцæ, уæддæр еу хæдзари цæриуонцæ. Фурттæ бийнонти гъуддаг ку бакæниуонцæ, уæддæр сæ фидиуæзæгæй нæ рандæ уиуонцæ. Ци цæуæт син рантæсидæ, етæ дæр æнсувæрти цард кодтонцæ, айæ мæн фидæ 'й, зæгъгæ. Фал уотæ дæр рауайидæ, æма сæ уавæртæ æгæр ку исунгæг уиуонцæ, уæд син кæрæдземæй æнæ райуарæн нæбал уидæ. Æма еу рæстæги гъуддаг исаразун ци æнсувæрти багъудæй, уонæй еу бустæги хуæрзтæй нæ адтæй. Æма иурсти хабæрттæ ку рахецæн æнцæ, уæд еци æнсувæри кæстæр биццеу, уой ку балæдæрдтæй æма ин уой хæццæ цæргæ уодзæнæй, уæд хæкъурццæй кæугæй уотæ загъта: «Лæгъуздæр махмæ 'рхаудтæй!..» Мæгурæг, е уотæ æнгъалдта, æма æнæуой мулкитæ куд иурстонцæ, æнсувæрти дæр гъæуама уотæ райурстайуонцæ.

Нур, расагъæс кæнайтæ, æ кæстæртæ дæр уоййасæбæл кæмæй исгъигæ 'нцæ, æ лæгъуздзийнади кой æргомæй ка зæгъуй, еци кæстæртæ уæхæн фидæй ци гъæуама райсонцæ? Æма еци «фиди» хузæнттæ нæмæ абони ба нæййес? Æгæрдæр ма?.. Мæстæйдзаг си исунцæ сæ кæстæртæ дæр, уæдта сæ уоститæ дæр.

Нæ фидтæлти цардарæзти хабæрттæмæ – сауæнгæ недзамайнаг догæй райдайæ æма абони уæнгæ ку 'ркæсай, уæд ди баруагæс уодзæнæй: Фидибæстæ алкæддæр тухгин адтæй æма, æвæдзи, идарддæр дæр уодзæнæй бийнонти фарнæй. Уой фæдбæл нæмæ нæ адæмон исфæлдистади хæзнадони берæ цæмæдесаг хабæрттæ ес. Кæцидæрти си айразмæ дæр мухур кодтан нæ газети, абони ба уæ уонæй цалдæрей хæццæ зонгæ кæнæн.

## УАСГЕРГИ ÆМА ИУАРÆГ ÆРТÆ ÆНСУВÆРИ

Æртæ æнсувæри иуарун фæндæ искодтонцæ сæ уостити цъухтæй. Нæбал федудтонцæ. Нæбал цудæй сæ цард сабурæй æма уарзонæй.

Иурстонцæ сæ фиди фæллойнæ: фонсæй, хæдзарæй, фæллойнæй – сæ еугуремæй дæр исхецæн æнцæ æнæ хъаугъайæй, æцæг ма син байзадæй æртæкъахуг, сугъзæрийнæ тæбæгъ – фингæ иуаруйнаг æма ибæл нæ федудтонцæ. Цагътонцæ кæрæдзей сæ хъæматæй. Уæд æй базудта цæхæрцæстæ Уасгерги, дæлæ, дан, мæ ковæг адæм кæрæдзей цæгъдунцæ мæ ковæн финги тæбæгъбæл. Æма Уасгерги рабæлццон æй уæларвæй зæнхæмæ. Фæццæуй гъæунгти тæхгæ саргъибæхбæл, æма гъæр цæуй хæдзарæй, хилæ кæнунцæ æнсувæртæ, лæборунцæ хъæматæй кæрæдзей марунмæ.

Уалинмæ сæ мадæ ракастæй гъæунгæмæ, кæунгъæлæсæй искатай æй, агоруй æ фурттæн ергъæвгæнæг æма фæууидта, дæлæ уорсбецъо зæронд лæг фæццæуй. Уосæ имæ дзоруй, исиста æ сæрбæттæн:

– Дæ хуарзæнхæй, дæлæ фæндаггон бæхгин, зæронд лæг, фездæхæ нæмæ. Мæ фурттæ кæрæдзей марунцæ хъæматæй æма сæ байергъæв кæнæ.

Уæд Уасгерги цæхгæр фездахтæй. Æргæпп кодта бæхæй. Бараст æй хæдзарæмæ – æртæ æнсувæремæн дæр сæ къохти хъæматæ æрттевунцæ. Цæхæр калунцæ тоги исæвдулун мондагæй.

– Охх, охх! – загъта Уасгерги. Фæгъгъæр сæбæл кодта.

– Е ци миуæ кæнетæ? Кæрæдзей цæбæл цæгъдетæ хъæматæй?

Æнсувæртæ ин загътонцæ.

– Мах нæбал федауæн цæрунмæ еумæ. Нæ уоститæ нæбал федаунцæ æма иуарæн. Байзадæй ма нин æнæиурст сугъзæрийнæ тæбæгъгин æртикъахуг фингæ. Гъема 'й нæ алкедæр æхемæ есуй, «мæн гъæуй, мæн гъæуй»-æй. Гъе æй нæ хили сæр, нæ загъд.

Уæд бабæй син Уасгерги загъта:

– Æнсувæр, мадизæнæг хъазар æй, фал уосæ иссергæй æй. Æз уæ нуртæккæ рахецæн кæндзæнæн.

– Æхуæдæг ба сугъзæрийнæ фингæ райста æма ин е 'ртæ къахи æртæ æнсувæремæн равардта. Сугъзæрийнæ финги тæбæгъ ба æхецæн ниууагъта, е ба, дан, мæн – иуарæггаг.

Æнсувæртæ дæр сæхецæн æнцад-æнцойнæй исбадтæнцæ, феронх си æй сæ хилæ, алке æ иурсти хай рахаста. Æрцардæнцæ хецæнтæй.

Æнсувæртæ ма загътонцæ: «Рохс Уасгергийæн сугъзæрийнæ тæбæгъæй фæккувдæуæд».

Абони дæр уотæ фæкковунцæ, дзурдæн байзадæй нæ адæми астæу еци фарни дзубанди.

Уасгерги дæр æ тæхгæ-бæхбæл исбадтæй æма рафардæг æй. Фæллойнæгæнæг мæгур адæм æнæфидбилизæй байзадæнцæ.

## АРСÆМÆГ

Ходи фæсевæд – бæрзонд, иуонггин æма хуæрзконд, ездон, æгъдаугин æма кафунмæ рæвдзæ адтæнцæ. Фал Хъайтухъти Арсæмæг сæ еугуремæй сæрæндæр адтæй. Саугъæди сæ фонс дардтонцæ, Синдзигъæумæ дæр над уобæлти адтæй. Кæмидæр сæ бæхтæ исуагътонцæ рахезунмæ, æма сæбæл еу афони берæгъ æхе æрбауагъта. Лæхъуæнтæй еуемæ адтæй сæрæн саргъи бæх, æма ибæл е æхе рауагъта æма 'й расурдта.

Берæгъ уæд еуæрдигæй, уæд иннердигæй бæхбæл æхе раудзуй. Бæх дæр имæ рæвдзæй лæудтæй æма бабæй æй расурдта. Уæд Арсæмæг зæгъуй:

– Фехсæн æй!

Фал æй бæхи хецау нæ бауагъта – уадзетæ, дан, æй, берæгъæй куд гъазуй, уой нæ уинетæ.

Уæд бабæй имæ Арсæмæг дзоруй:

– Цалинмæ неци фидбилиз искодта, уæдмæ 'й фехсæн.

Фал бабæй ин бæхи хецау барæ нæ равардта.

Берæгъ сикъит ку рахуæра, уæд нифсгун кæнуй, зæнхæй, дан, ард фæххуæруй. Берæгъ уæлбилæмæ иссудæй æма зæнхæмæ фæллæбурдта, цъухидзæгтæ си истудта, уæдта арвмæ æ сæр исхъел кодта æма цалдæр хатти нинниудтæй, уæдта бæхбæл æхе ниццавта æма ин æ тæн фегон кодта. Æма 'й уæд Арсæмæг фехста. Лæг ма бæргæ нирдеуагæ кодта, фал ма нур ци...

Хестæртæ куд дзурдтонцæ, уотемæй Арсæмæг хъæбæр хъал лæхъуæн адтæй, æма, дан, кизгутти сарсийнæй тигъта – æхецæн си æ бон æхе аккаг равзарун нæ адтæй.

Хонхи Дигори ин адтæй æрдхуард, æма имæ ахид цудæй. Гъема уоми еу кизги бауарзта æма никки ахиддæр цæун райдæдта. Еухатт ибæл зумæги раталингæ 'й. Хуарз саргъи бæх имæ адтæй æд циргъ цæфхæдтæ, уотемæй ибæл балберæгътæ исæмбалдæнцæ, æма бæх æхе размæ исхуайуй, фал æй Арсæмæг уорамуй.

Уæд бæх æ сæр размæ ратъæпп кодта æма имæ си æрлæвардта. Берæгътæ 'й сорунцæ. Гъæуи кæрони – устур фахс, устур билæ æнæгъæнæй дæр нийййех æй, æма си бæх циргъ цæфхæдти басуффут кодта, фал берæгътæй ка батахтæй, е айнæг ехбæл фæггурдæй, билæй ратахтæй бунмæ æма ма æ хъес-хъес иссудæй. Уотæ берæгътæ билæй фæххаудтæнцæ. Арсæмæги бæх е 'мбали хæдзарæмæ исахур æй, уордæмæ бацудæй æма тургъи ниууаста. Е 'мбал рауадæй, æма ин æ къохтæ идонæй ратонун сæ бон нæ бацæй, æма 'й бæхи сæрæй фефтудтонцæ. Æд идонæ 'й хæдзарæмæ бакодта, æма уоми гъари æхемæ ку 'рцудæй, уæд син æй радзурдта. Хестæртæ куд дзурдтонцæ, уотемæй е 'мбали хæццæ гъуддæгутæ æхуæдæг фæккодта, бафедудтонцæ. Нæдæр æй æ къохбæлхуæцæгæн фæууинун кодта, неке æй фæууидта, æма имæ киндзхонтæ ку рандæнцæ, уæд къохбæлхуæцæг æма æмдзиуаргин бацудæнцæ, нæ киндзи исрæвдзæ кæнун кæнæн æма базонгæ уæн, зæгъгæ. Уатмæ ку бацудæнцæ, уæд, рæсугъд кизгæ ка адтæй, уомæ дин бацæуунцæ, нæ киндзæ, дан, æй. Кизгæ ниххудтæй æма еуварс æрлæудтæй, æз уæ киндзæ нæ дæн, зæгъгæ.

Къуми рабадгæ фудуинд кизгæ æнцад лæудтæй, æма уомæ амонунцæ, уæртæ, дан, уæ киндзæ. Лæхъуæнтæ кæрæдземæ бакастæнцæ, киндзи дарæстæ ибæл искæнун кодтонцæ æма 'й рахудтонцæ. Уотæ Хъевони æфцæгмæ ку исхъæрттæнцæ, уæд сæ Арсæмæг дæр исæййафта æма имæ лæхъуæнтæ дзорунцæ.

– Ку некæбæл æнвæрстæ, уæд ай ци ракурдтай?!

Арсæмæг имæ ку бакастæй, уæд марди хузæн фæцæй. Лæхъуæнтæ имæ дзорунцæ, фæстæмæ 'й хонæн, зæгъгæ, фал æ сæрмæ не 'рхаста боститæ кæнун. Хуæздæр амонди аккаг нæ адтæн, æвæдзи, зæгъгæ, æ цард уой хæццæ рарвиста. Хуарз цæуæт син исæнтæстæй, уæдта æ байзæдтæгтæ дæр дзæбæх адæм æнцæ.

## КИЗГИ ФУН

Еу рæсугъд кизгæ цæстæй нæ уидта. Куй имæ адтæй, æма уой хæццæ рацæуидæ. Еубон надмæ ку рацудæнцæ, уæд сæ еу хуæдтолгæ минкъийтæбæл æма не 'скъуæрдта. Куй фæттарстæй, æхе ратудта, кизгæ тарст лæуд кæнуй: ци кодтайдæ, уой нæбал лæдæрдтæй.

Лæхъуæн машинæй рагæпп кодта æма хилæ кæнунмæ гъавта. Ку æй балæдæрдтæй, кизгæ нæ уинуй, уæд имæ бацудæй, æрсабур æй кодта, кæми цæруй, уомæй æй бафарста æма 'й сæхемæ баласта.

Æвæдзи, хъæбæр рæсугъд кизгæ адтæй, лæхъуæн æй бауарзта. Ахид сæмæ бауайидæ, фал ин нæ арази кодтонцæ, ду бонгини фурт дæр æма ни гириз кæнис, зæгъгæ. Лæхъуæн æй æ мадæн загъта, æма ин æ мадæ уотæ зæгъуй:

– Кой дæр æй мабал искæнæ! Дæ фидæ дин неци ратдзæнæй æма дæ хæдзарæй фæссордзæнæй.

Уæддæр лæхъуæн уобæл ниллæудтæй, мæн æндæр неке гъæуй, зæгъгæ. Еу бон кизгæ æ мадæн дзоруй, мæ фуни, дан, киндзи æрцудтæн, биццеу мин райгурдæй æма цæстæй уинун райдæдтон. Æма, æцæгæй, еци лæхъуæнмæ æрцудæй. Биццеу син райгурдæй, кизгæ цæстæй уинун райдæдта...

Алкедæр ни хуарз фунтæ уинæд!

# УАРЗОНÆЙ ÆЙ «ИРОН ШАЛЯПИН» ХУДТОНЦÆ



ÆЦÆГÆЙДÆР, нæ дзиллæ уæхæн боцгæнæн номæй худтонцæ нæ республики æскъуæлхт артист, номдзуд оперон зартæгæнæг Абайти Хаджумари. Уой бæзгин, хъæдави хузæн, рæсугъд гъæлæс нæ аййевадæуарзгутæй еу хатт ка фегъуста, е æй æ зæрдæбæл æнæбадаргæ некæд фæцæй. Æцæг искурдиадæгин адæймаг ци менеугутæй хайгин гъæуама уа, уонæй æнхæст адтæй еци искурдиадæгин зартæгæнæг.

Евгъуд æноси 50-аг æнзти ирон профессионалон оперон аййевадæн бундор ка æрæвардта нæ культури, еци хъазауатонтæй еу адтæй Абайти Кирими фурт Хаджумар. Вокалон аййевади бæрзæндтæмæ хизтæй бонзонгæ æма сæрустурæй. Куд зартæгæнæг, уотæ е ʻсфæлдистадон архайди адтæй домагæ. Хуцау ин ци устур искурдиадæ балæвар кодта, уой гæнæнтæ фæуурухдæр кæнунбæл куста æновудæй æма уодуæлдайæй, æ кæдзос æма рæдау уоди хуарзæнхæ ибæл æфтаугæй.

Хаджумари ном фулдæр зундгонд æй Иристони аййевадæуарзгути хестæр фæлтæрæн. Астæуккаг æма кæстæр кари аййевадæуарзгути ʼхсæн ба æ ном æма исфæлдистадæ, гъулæггагæн, фагæ зонгæ нæй. Æма, федарæй ни æруагæс кæнуй, еци æнæрастдзийнадæ исраст кæнунбæл гъæуй зæрдиагæй байархайун, еци гъуддаг кæмæй аразгæ ʻй, уони.

Æма бал уой фæдбæл æрæги арæзт æрцудæй еу арфиаг мадзал.

Хаджумари искурдиадæн æ рохс æма æ тухæ абони фæлтæрти зæрдитæмæ цæмæй фарнæхæссæг уа, уæхæн нисани хæццæ Петербурги Мариинаг театри филиал, Цæгат Иристони операæ æма балети театри адтæй æ номерæн концерт. Арæзт ба æрцудæй музыкалон-историон исфæлдистадон изæрти цикл «Дзæуæгигъæуи историон анзфинст»-мæ гæсгæ. Æ исаразæг – театри аййевадон разамонæг, Уæрæсей æма нæ республики адæмон артисткæ Гергити Ларисæ.

Номерæн мадзал игон кæнгæй, е æ радзубандий имиста:

– Абайти Хаджумари хæццæ базонгæ дæн евгъуд æноси 70-аг æнзти. Фал ми абони дæр нæ иронх кæнунцæ æ бæзгин рæсугъд гъæлæси муртæ. Фæстæдæр, 90-аг æнзти Алма-Атайи операæ æма балети Театри гастролти ку адтæн, уæд мин æхцæуæн адтæй, Хаджумар сæ театри исфæлдистадон анзфинсти ци ирд фæд ниууагъта, æма ин ами кæддæриддæр устур кадæ ке кодтонцæ, имонауæн имæ «Ирон»-и номæй ке дзурдтонцæ, уой фæдбæл берæ зæрдиаг имисуйнæгтæ ку фегъустон, уæд.

Исуйнаг номдзуд зартæгæнæг æ райгурæн гъæу Ногири астæуккаг скъола каст ку фæцæй, уæд æй федарæй зудта, æ цард вокалон аййевади хæццæ баст ке уодзæнæй, уой. Ахур кодта Мæскуй Чайковскийи номбæл паддзахадон консерваторий фиццаг ирон студий. Ами деденæги хузæн райхалдæй æ вокалон арæхстдзийнадæ æма искурдиадæ.

Консерватори æнтæстгинæй каст ку фæцæй, уæд æй косунмæ байагурдтонцæ Казахстани операæ æма балети Театрмæ. Ами ци оперон спектакльтæ æвардтонцæ, уоми зардта сæйраг архайгути партитæ. Æ искурдиади цæхæр си æ аййевадæуарзгутæн лæвар кодта кæдзосзæрдæй æма уодуæлдайæй.

Хаджумар Иристонмæ ку исæздахтæй, уæдта зарун райдæдта Паддзахадон филармоний рази оперон ансамбли. Ами ма æ хæццæ зардтонцæ, Мæскуй консерватори каст ка фæцæй, ирон профессионалон аййевади е ʻсфæлдистадæй зингæ фæд ка ниууагъта, еци зартæгæнгутæ: Кокайти Надеждæ, Суанти Федор, Едзити Нинæ... 1972 анзи ба Цæгат Иристони драмон-музыкалон паддзахадон театр ку байгон æй, уæд Хаджумар иссæй æ музыкалон труппи солист. Æ сценикон аййев конд æма уиндæй, ирд искурдиадæ æма рæсугъд гъæлæсæй, уайтæккидæр æхе бауарзун кодта ирон аййевадæуарзгутæн. Архайдта, фæсарæйнаг, иристойнаг æма уруссаг композиторти оперитæ æма опереттитæй театри сценæбæл ци уадзимистæ æвардтонцæ, уонæн сæ еугуреми дæр. Зардта си сæйраг аритæ. Уомæй уæлдай ма ин хъæбæр хуарз æнтæстæй романстæ, уруссаг æма ирон адæмон, уæдта эстрадон вокалон уадзимистæ зарун, мюзиклти, хецæн концертти архайун.

Адæмæн æ искурдиадæй рæсугъд æгъдау дæттунæй ка нæ фæлладæй, еци «Ирон Шаляпини» номерæн изæри видеопленкæбæл финстæй ци зартæ райгъустæй, уони фæрци аййевадæуарзгути зæрдитæмæ арфдæр багъардтонцæ æ бæзгин рæсугъд гъæлæси хуæрзаййевдзийнадæ, æ зæрдагайгæ хъаурæ.

Номдзуд оперон зартæгæнæг Абайти Хаджумарæн æ зæнхон цард фæцæй æ кари бацæуни надбæл – æдегурæй ибæл æвддæс æма дууинсæй анзи цудæй, уотемæй (1925-1982). Нуртæккæ аййевади надбæл федар къахдзæфтæ ка кæнуй, еци зартæгæнгути астæуккаг æма кæстæр фæлтæртæ е ʻсфæлдистадæн табугæнæг ке ʻнцæ, уой номерæн изæри сæ зæрдæмæгъаргæ искурдиадæй равдистонцæ Цæгат Иристони операæ æма балети театри зартæгæнгути къуари артисттæ. Сæ разамонæг Берити Изабеллæ, нæ республики адæмон артист Тайсаути Олег, Петербурги Мариинаг театр æма Цæгат Иристони операæ æма балети театрти солисттæ Кисити Лейлæ, Михаил Павлов, Маринæ Нетребина, Динарæ Брюкер, Цхурбати Верæ, Хосити Ольгæ, Гергити Валерийи номбæл аййевæдти училищей адæмон инструментти ансамбли архайгутæ æма аци ахурадон артдзæсти вокалон хайади рауагъдонтæ: Айларти Эллинæ, Зассети Аннæ æма Гобати Аминæ.

Имисæн изæри Абайти Хаджумари номерæн изæри æхе финст æмдзæвгæ бакастæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артист Гæлæути Анатоли.

Имисæн изæри сæ искурдиадæй исаййев кодтонцæ паддзахадон филармоний зартæгæнгути къуари иуонгтæ. Сæ аййевадон разамонæг æма дирижер – Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артисткæ Дзанайти Ольгæ. Фæсарæйнаг композиторти оперитæй скъуддзæгтæ æма уруссаг адæмон зартæ разардтонцæ не ʼмзæнхон, дуйнеуон æма еугуруæрæсеуон вокалон конкурсти лауреат Дулати Дзамболат, Мариинаг театри солисттæ, дуйнеуон æма еугуруæрæсеуон вокалон конкурсти лауреаттæ Наталья Павлова æма нæ республики адæмон артист Михаил Колелишвили.

Нæ Иристони, нæ адæми еузæрдиуон хъæболæ, номдзуд зартæгæнæг Абайти Хаджумари цард æма исфæлдистадæн сæрмагонд номерæн изæрæй кадæ æма аргъ ке искодтонцæ, уой туххæй æ исаразгутæн арфæ ракодта æ кизгæ Абайти Азау.

***ПЛИТИ Зæлинæ***

# БЮСТ – ЗУНДГОНД ХУЗÆГÆНÆГ, РЕЖИССЕР ÆМА СКУЛЬПТОРÆН



Дзæуæгигъæуи Маркови гъæунги æрбунæттон æй Аййевæдти училище. Евгъуд къуæрей ами æрцудæй зæрдæбæлдарæн номерæн цау – æ ном дуйнебæл кæмæн райгъустæй, еци зундгонд хузæгæнæг, Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг **Дзанайти Азанбегæн** æ номхæссæг училищей тургъи байгон æй бюст. Æ исаразæг – училищей рауагъдон **Кадити Сослан.** Ахурдзауæн е адтæй æ дипломон куст æма ʻй искодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт хузæгæнæг **Хайти Ибрагими** разамундæй.

Бюст кадгин уавæри байгон кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий культури министр **Галазти Эдуард.** Хузæгæнæги ирд искурдиадæбæл æма уæрæсейаг хузæкæнуйнадæмæ е 'стур байвæрæнбæл дзубанди кæнгæй, министр куд загъта, уотемæй бронзæй арæзт Дзанайти Азанбеги бюст Иристони нуриуæнгæ нæ адтæй.

Хъумацæй æмбæрзт бюст адæмæн фæууинун кæнуни барæ лæвæрд æрцудæй муггаги минæвар, Ос-Бæгъатæр Цæразони номбæл национ ирæзти институти директор **Дзанайти Хадзимæтæн**. Муггаги номæй е арфæ ракодта мемориалон бунат исаразуни барæ ка равардта, аййевæдти училищей еци коллективæн, æ сæргъи **Хетæгкати Аслæнбег**, уотемæй. Уæлдай арфæ профессор ракодта æригон искурдиадæгин фæлтæри минæвар Кадити Сосланæн, æ дипломон куст æнтæстгин ке рауадæй, уой туххæй æма ин зæрдиагæй райарфæ кодта æма ин загъта, æ исфæлдистадон надбæл цæугæй, нæуæг æнтæститæ æ къохи куд æфтуйа, уой.

Дзанайти Азанбеги туххæй сæ имисуйнæгтæ дзурдтонцæ Уæрæсей Федераций æскъуæлхт хузæгæнæг **Дзбойти Михал** æма Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон поэт **Дзасохти Музафер, Хетæгкати Аслан** ба арфæ ракодта, мемориал исаразунмæ барæ кадæриддæр дардта, уонæн сæ еугуремæн дæр, уæлдайдæр ба – аййевадон тайунгæнæн студий разамонæг **Къæбулти Нодарæн.**

Номерæни архайдта Национ зари нæлгоймæгти хор Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артисткæ **Дзанайти Ольги** разамундæй.

***ДЗАНАЙТИ Софья***

# ИРОН ТЕАТР ИН ТАБУЙАГ АДТÆЙ






***Хуарз адæймаг хорæй игъаугидæр нæй, зæгъгæ, фæззæгъунцæ. Алкедæр имæ æхе хæстæгдæр фæлласуй, алкедæр фæффæндуй æхе имæ хъæбæрдæр батавун.***

***Хори хузæн зæрди гъарæй алкæддæр тавта адæми нæ уарзон актер, зундгонд режиссер, Уæрæсей Федераций аййевæдти æскъуæлхт архайæг, Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий лауреат Цихити Мæирбег дæр.***

***Уомæ гæсгæ 'й, кæд, гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æй, уæддæр æй нæ дзиллæ зæрдтагонæй имисунцæ, нæ Иристонæн æма нæ национ аййевадæн ци берæ хуæрзти бацудæй, етæ иронх нæ 'нцæ.***

***Абони ба 'й уомæ гæсгæ имисæн, æма 2 майи æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1932-1995).***

Гъе, æцæг хорискасти хузæн хуæрзцубур рауадæй æ цардвæндаг Цихийфуртæн. Куддæр е 'цæг лæги карæмæ бахизтæй, уотæ ибæл æрдæгнадбæл батар æй царди хор.

Гъо, Мæирбег, æцæгæйдæр, хори хузæн æ зæрди гъарæй тавта æ адæми, уонæн балæггадæ кæнун нимадта е 'стурдæр ихæсбæл, фал... Хори хæццæ æмхузæн нæ рауадæй æ хъисмæт.

Хор нуртæккæ дæр кæд ранигулуй, уæддæр бабæй нæмæ дуккаг бон нæуæгæй бæрзонд арвæй ракæсуй, фал нæмæ, устур гъулæггагæн, нæ уарзон артист Цихити Мæирбег нур некæдбал ракæсдзæнæй хори хузæн æ медбилтиходгæ, нæбал ин фегъосдзинан æ игъæлдзæг, циргъзунд дзубандитæ, нæбал æй фæуууиндзинан, е æ царди медæгæ еугуремæй фулдæр ци Ирон театр уарзта, уой сценæмæ рацæугæй.

Мæирбегæн аййевади æ къохи ци нæ бафтудæй кæронмæ исæнхæст кæнун, еци фарнæ ин абони идарддæр хъæртун кæнуй æ цардæмбал, зундгонд зартæгæнæг Котолити Мария, æма ин нæ зæрдæ зæгъуй нæуæг æма нæуæг исфæлдистадон æнтæстдзийнæдтæ.

Цихити Мæирбеги хæццæ ма фæстаг хатт фембалдтæн 1995 анзи. Уæд, Нæуæг анзи хуæдразмæ, æ хæццæ бадзубанди кодтон, цæмæй си интервью райстайнæ. Рагацау бацæттæ кодтон фарстатæ дæр. Телефонæй имæ бадзурдтон, рæстæг ин кæд уодзæнæй еумæ фембæлунæн, зæгъгæ, уой туххæй.

Е ми хатир ракурдта æма мин фæлмæн гъæлæсиуагæй гъазгæ хузи уотæ:

– Хатир бакæнæ, мæнæ мæ аци æнæхайири грипп æ буни искæнунмæ гъавуй, æма 'й куддæр «рампурсон», уотæ фембæлдзинан.

Фал, устур гъуллæгагæн, Мæирбег «рампурсун» ци грипп гъавта, е æгæр æгъатир разиндтæй, æма, æз æ хæццæ ку дзубанди кодтон, уомæй дууæ боней фæсте рахецæн æй æ цардæй.

Иристони дзиллитæ устурæй-минкъийæй æрцудæнцæ æ хæдзарæмæ еци саударæн бони Цихити Мæирбегæн фæстаг фæндараст зæгъунмæ. Абони хузæн ма мæ зæрдæбæл лæууй, Мæирбеги уæззау кирæ Ирон театри рæзти ку хастонцæ, уæд мæмæ, цæмæдæр гæсгæ, уотæ фæккастæй, цума, æ уарзон театри фæрстæ фæуууингæй, Цихий-фуртæн æ цæсгон ниррохс æй æма нуртæккæ æ цæститæ байгон кæндзæнæй. Уой бафеппайдтонцæ мæ фарсмæ лæугутæй кадæртæ æма етæ дæр кæрæдземæ æнæдзоргæй бакастæнцæ.

Цихити Мæирбеги хæццæ берæ æнзти дæргъи усхъæй-усхъæмæ фæккуста Ирон театри актер, нæ республики аййевæдти æскъуæлхт архайæг Къумæлæгкати Мурат. Мæнæ куд зæгъуй е Мæирбеги берæвæрсуг исфæлдистади туххæй:

– Ирон театр зæрдæй ка бауарзта, æма ин æ цард фæстаг исуолæфти уæнгæ ка равардта, уонæй еу адтæй Цихити Мæирбег. Гургъахъ æма вазуггин адтæй Мæирбеги над аййевади бæрзæндтæмæ. Еуæй-еу актертæмæ исфæлдистадон «амонд» уайтæккæ баходуй, фал хусгæ дæр тагъд ракæнуй. Æцæг искурдиадæ ба фиццаг минкъийгай ферттевуй æма фæстагмæ хъæбæр ирдæй рохс кæнун райдайуй. Цихий-фуртæн дæр æ искурдиадæ бонæйбонмæ ирддæр æма тухгиндæр кодта.

...1958 анз. Иристони театрдзаутæ уæд фиццаг хатт базонгæ 'нцæ Мæирбеги аййевади хæццæ. Кæд сценæбæл, актеругæй, ци сорæттæ исфæлгонц кодта, етæ хъæбæр берæ нæ 'нцæ, уæддæр се 'хсæн ес уæхæнттæ, кæцитæ абони дæр ма зæрдæбæл æрлæуунцæ æма ирдæй цæстити размæ райгас унцæ. Етæ 'нцæ спектакльтæ: Германси «Эскадрæйы мæлæт»-æй – Босс, Темирати Давиди «Мухтар»-æй – Знаур æма Кузнецови, «Мах горæт»-æй – Глухарь, Гамзатови «Горянка»-йæй – Лабазан æма берæ æндæртæ.

Сценæбæл ци фæлгонцтæ исаразта Мæирбег, уонæй тæккæ ирддæр æй Цопанати Хаджумари «Ныхæй-ныхмæ»-йæй Саулохи сорæт. Аци уадзимис финст æй колхозти цардарæзтбæл. Саулох æй колхозтæ исаразуни нихмæ. Æй цъамар æма фудзæрдæ адæймаг. Хъæбæр хуарз исарæхстæй Цихий-фурт аци вазуггин роль адæми размæ рахæссунмæ.

Цихити Мæирбег кæд хуарз арæхстæй сценæбæл гъазунмæ, уæддæр æ зæрдæ алкæддæр дзурдта режиссер исунмæ. Æма бавзурста æ хъауритæ. Иссæй Луначарскийи номбæл театралон институти уæлдæр режиссерон къурсити студент. Каст сæ фæцæй æнтæстгинæй.

Фиццаг къахдзæфтæ, фиццаг дипломон куст... Фиццаг спектакль... Ами, æнæмæнгæ, фиццагидæр гъæуама раргом кæна æ искурдиадæ, æ режиссерон хъауритæ.

Æма берæ рагъуди-багъудий фæсте федæни устур режиссер равзурста Гаглойти Владимири лирикон драмæ «Уарзондзинады кадæг». Берæ хъауритæ бахарз кодта æ исæвæрунбæл. Байзадæй ма ин рольтæ байуарун. Рольтæ раст байуарун ба æй спектакли æнтæстдзийнади сæйрагдæр рахуæцæн, режиссери уæлахез.

Ами дæр бабæй нæ фæррæдудæй Мæирбег. Сæйраг рольти – Уатати Бибо æма Галазти Земфирæ, Тъурити Махар... Фал зæронд Бимболати роли ба ка?.. Уоми дæр цалдæр дзурдемæй уæлдай ку нæ ес, уæд æй ке барæ бакæна? Саламти Къолай – æндæр неке.

Уой хæццæ Цихий-фурт испайда кодта, ирон сценæбæл нуриуæнгæ ка нæма адтæй, уæхæн аййевади нæуæг хузтæй – театрдзаутæ фиццаг хатт фæуууидтонцæ диалог мæрдти бæстæй аци дуйнемæ.

Аци спектакль хъæбæр фæццудæй адæми зæрдæмæ. Фæррæстмæ 'й æ фиццаг къахдзæф Цихий-фуртæн.

Цихити Мæирбег режиссери кустмæ уæдæй фæстæмæ е 'ргом хъæбæрдæр раздахта æма æ къохи æфтудæй нæуæгæй-нæуæгдæр æнтæстдзийнæдтæ. Сценæбæл кæрæдзей фæдбæл фæззиндтæнцæ æма адæми зæрдитæмæ фæццудæнцæ Мæирбеги æвæрд спектакльтæ Годжицати Исахъи «Æз ус нæ курын», Темирати Давиди философон спектакль «Цæргæсты хох», Тибилти Лемзæйи «Æхсидгæ зæрдæ», Корнейчуки «Платон Кречет», Ибрагимбекови «Алыгъдысты», Гоголи зундгонд «Ревизор» æма æндæртæ.

Цихий-фурти искурдиадæ, куд устур





**ХОДИ Камал (1941-2021), Цæгат Иристони адæмон поэт:**

– Цихити Мæирбеги хæццæ мах хъæбæр лимæнæй цардан. Уомæн æ удисконд уæхæн адтæй, æма æ искурдиадæ дæр адтæй хегъæдон куд режиссер, куд актер, куд æмгарæ, уотæ дæр.

Куд æхсæнадон архайæг, уотæ дæр хецæн кодта иннетæй. Еурæстæг Мæирбег адтæй нæ Парламенти депутат, æма иннетæй игъаугидæр æмбурдти дзурдта иронау. Нифсхастæй зæгъидæ, Хецауадæн æхцæуæн ка уа, уæхæн дзубандитæ нæ, фал дзурдта, æ зæрдæ цæбæл ристæй, еци гъудитæ.

– Мæирбег адтæй айдагъ аййевадон косæг нæ, фал нæ адæми аккагæй-аккагдæр фурт, æма æ рохс ном æноси цæрдзæнæй нæ дзилли зæрдити, æ кадæ нæрдзæнæй æ райгурæн Иристони еугур, сауæнгæ кæройнаг рауæнти дæр...

режиссер, уотæ никки хъæбæрдæр рабæрæг æй, е сценæбæл Хубецти Райи финст пьесæмæ гæсгæ спектакль «Мады фарн» ку исæвардта, уæд. Хъæбæр берæ хуарæнтæ æма нæуæгдзийнæдтæ бахаста режиссер аци нæуæг спектакльмæ. Ами дæр исарæхстæй, рольтæ раст дехгæнгæй. Спектакль дзæвгарæ фæццардгъондæр æй æма аййевадон æгъдауæй фæхъхъаурæгиндæр æй, сæйраг – мади роль Беккузарти Орзетæн ке бабарæ кодтонцæ, уой фæрци.

Аци спектаклæн устур аргъ искодтонцæ театралон критиктæ æма аййевади устур дæснитæ. Уæлахези 40 анзей кадæн сахар Новороссийски Уæрæсей хонсайраг хаййи театралон аййевади æркасти дæр ин дзæгъæли хумæтæги нæ исаккаг кодтонцæ фиццаг къæпхæни диплом.

Мæирбег Ирон театрæй уæлдай берæ нæуæг спектаклтæ исæвардта Уруссаг паддзахадон драмон театри сценæбæл дæр. Е уоми сæйраг режиссерæй ку куста, уæд æ фæрци ами æвæрд æрцудæй цалдæр спектакли нæ номдзуд фидибæстон драматургти пьеситæмæ гæсгæ: Вишневскийи пьесæмæ гæсгæ арæзт спектакль «Оптимистическая трагедия», Григорьеви «Дочь русского актера», Некрасови «Актер» æма Розови «Дама».

Фал еу дзамани, нæ Ирон театр дууæ дехи ку фæцæй, уæд Мæирбегæн æ зæрдæ цума дууæ дехи ракодтонцæ, уотæ зин ин адтæй, æма, аци коллективæй устур хатиртæ ракоргæй, фæстæмæ æрбацудæй æ уарзон Ирон театрмæ, æма бабæй æ устур искурдиадæ æма аййевадæй идарддæр рохс кодта театрдзаути зæрдитæ.

Мæирбег театрæй уæлдай дессаги сорæттæ исаразта берæ кинонивти дæр. Киноаййевадæн æхе домæнтæ ес. Алли театралон актери бон нæ фæууй дæсни киноактер исун. Фал бабæй ами дæр æрдзæ устур искурдиадæ балæвар кодта Мæирбегæн, æма е хъæбæр дæсни æма арæхстгинæй рагъазта берæ документалон æма аййевадон кинонивти. Зæрдæмæгъаргæ сорæттæ исаразта кинонивтæ «Сюрприз», «Волшебная папаха», «Во всем виновата Залина», «И оглянулся путник», «По следам Карабаира», «Оглянись и найдешь друзей» æма æндæртæ.

Мæскуй цуппар урухэкранон аййевадон кинониви – «Тегеран-43», «Фронт в тылу врага», «Секунда на подвиг» æма «Покушение» ку истонцæ, уæд Великобританий премьер-министр У. Черчилли роли ка рагъазтайдæ, уæхæн устур конкурси хузи æвзурстонцæ берæ актерти. Се 'хсæн адтæй Мæирбег дæр. Уобæл Черчилли уæледарæс ку искодтонцæ æма 'й, Сталини роли ка гъазта, уой фарсмæ ку 'рлæуун кодтонцæ, уæд ССР Цæдеси адæмон артист Евгений Леонов премьер-министри уæледарæс фæстæмæ æ уæлейæй раласта. Мæирбегмæ хæстæгдæр балæудтæй æма къамиси иуонгтæн загъта: «Мæнæ уин Цихий-фурт, цæттæ Черчиль, уæд ма мæн ба гъезæмарæй ци маретæ...»

Къамиси иуонгтæ исарази 'нцæ Евгений Леонови хæццæ, Мæирбегæн бабарæ кодтонцæ аци ахсгиаг роль æма си е хъæбæр арæхстгинæй рагъазта.

Цихий-фурт театрæй уæлдай ма активонæй архайдта æхсæнадон царди гъуддæгути дæр. Куд адæмон депутат, уотæ син зæрдиагæй æнхæст кодта сæ курдиæдтæ. Æ адæми сæрбæл рæстдзийнадæ зæгъун ку гъæуидæ, уæд кæддæриддæр æ дзубандий æндиудæй, æргомæй æма федарæй зæгъидæ центрон æма бунæттон мухури фæрæзнити, радио æма телеуинунадæй.

Мæирбег кæмифæндидæр ку адтайдæ, уæддæр æ зæрдæй некæд цох кодта Ирон театр. Мæнæ зæрбатугæн æ астъонæ куд хъазар фæууй, уотæ адгин ин адтæй æма уæхæн æгæрон уарзтæй уарзта Ирон театр.



Мæирбег царди хъæбæр игъæлдзæг адæймаг адтæй. Берæ ходæги хабæрттæ си бадардтонцæ адæм сæ зæрдæбæл. Æрхæсдзинан си еци игъæлдзæг хабæрттæй еу. Е адтæй сæрди тæккæ райдайæни бæнттæй еуеми. Сехуармæ хæстæг Цихити Мæирбег æма Уатати Бибо сæ над ракодтонцæ Дзæуæгигъæуи сæйраг базарбæл. Мæирбег кæсуй, æма уартæ Бибо пъæмидортæй æма аллихузон рæзæй идзаг дзæкъоли хæццæ æ рази ку æрлæууидæ. Мæирбег ин уæд уотæ ку бакæнидæ: «Бибо, æхца мæмæ нæййес, зæгъгæ, ку загътай, уæд еци хъазар пъæмидортæ æма рæзæ цæмæй балхæдтай?»

Бибо ин уæд сæрустурхузæй загъта: «Куддæр базари астæумæ бахъæрттæн, уотæ мæ таджикæгтæ уайтæккæ дæр базудтонцæ сæ киноти ке гъазтон, æма мин мæ гъæбес аллихузи халсартæ æма рæзæй байдзаг кодтонцæ. Нур дæр ма мæ фæсте «Бибоджан», «Бибоджан», зæгъгæ, гъæр кæнунцæ».

Мæирбеги дæр нæ фæндадтæй Бибой рази састи бунати байзайун, æма е дæр уайтæккæ базари астæумæ æхе байста. Минкъий фæстæдæр е дæр аллихузон халсартæ æма рæзæй дзаг дзæкъолти хæццæ æ рази æрлæудтæй æма ин æхе staунбæл исхуæстæй, куддæр, дан, дæ разæй фæххецæн дæн, уотæ мæбæл базари астæу англисаг туристтæ хæрхæмбæлд фæцæнцæ, уайтæккæ дæр мæ базудтонцæ, Черчилли роли ке рагъазтон, æма мин мæ къохти дуйней доллæртæ фæссагътонцæ, æма си æз дæр ани ралхæдтон...

Фæххудтæнцæ, ке зæгъун æй гъæуй, дууемæй дæр, Бибо æма Мæирбег сæ игъæлдзæг хабæрттæбæл æма зæрдрохсæй раздахтæнцæ базарæй.

Берæ рæсугъд фæндитæ адтæй Мæирбеги зæрди, берæ цæмæдессаг нисантæй исрæсугъд кæнуйнаг адтæй исфæлдистадон исонибон. Æ зæрдтагондæр бæлдитæй еу адтæй – Ирон театри сценæбæл Мамсурати Дæбей æнæмæлгæ пьесæ «Æфхæрдты Хæсанæ»-мæ гæсгæ спектакль нивæвæрун. Хъæбæр разæнгардæй гъавта æ еци фæндæ æнæмæнгæ исæнхæст кæнунбæл, сауæнгæ ма, уоми рольти ка гъæуама рагъазтайдæ, уони дæр исбæрæг кодта... Фал æ еци фæндæ исæнхæст кæнун, гъулæггагæн, æ къохи нæбал бафтудæй.

Цихити Мæирбегæн нæ рази, мухури Хæдзари фарсмæ рæзæдонæ адтæй. Уордигæй цæугæй æ над ахид ракæнидæ Намуси Аллейæбæл. Цалдæр хатти ами еумæ хæрхæмбæлд дæр фæцан – Таболти Солтанбеги цирти рази (хъæбæр лимæнæй цардæнцæ). Е æнæдзоргæй берæ фæллæууидæ æ цирти рази. Мæирбег зудта уой дæр, æма Солтанбеги хæццæ æмгъæуккæгтæ, ставддортæгтæ ке ан, æма мæмæ цæмæдæр гæсгæ уотæ кастæй, цума ин мæ фæууиндæ æхцæуæн уидæ.

Еци рауæнæй рацæугæй Мæирбегæй ахид фегъосинæ уæхæн гъенцъун загъд:

– Ехх, мадта, Солтанбеги хузæн хуарз кæстæртæ нин æдзардæй мæлгæ ку нæ кæниуонцæ…

Æ еци загъд мæ зæрди арф байзадæй, имисгæ ба 'й уомæ гæсгæ кæнун, æма ин нур ба æз уомæн æхе туххæй зæрдресгæй фæззæгъун:

– Ехх, мадта, Мæирбеги хузæн хуарз адæймæгутæ нин мæлгæ ку нæ кæниуонцæ…»

*ЧЕРЧЕСТИ Хъæсболат*



# Цæлойти рæсугъд

*Æмбисонд æрбауай, Цæлойтæн сæ рæсугъд, гъей,*
*Мæ уд мын фæхæссы дæ бакаст, дæ бахудт, гъей.*
*Æз нал дæн хæдзарæй, æмгæрттæй фæцух дæн, гъей,*
*Æррайау дæ фæстæ куы зилын æдзухдæр, гъей.*

*Фæлæ мæ нæ уыныс, нæ цæуыс мæ цурмæ, гъей,*
*Мæ сагъæс, мæ рыст мын нæ дарыс æрдумæ, гъей.*
*Мæ курæг фæцæуа – ысдзырд æй нæ уадзыс, гъей,*
*Æдзух æй æгадæй фæстæмæ ыздахыс, гьей.*

*Æрцæут, хæлæрттæ, æрцæут мæ размæ, гъей,*
*Æмгарæн йæ сагъæс фæсурут, цæй, дардмæ, гъей.*
*Пæсæйы рæсугъдмæ мæ бæсты фæцæут, гьей,*
*Мæ зарæг, мæ кадæг йæ разы фæкæнут, гъей.*

*Зæгъут ын, хæлæрттæ, зæгъут ын мæ номæй, гъей,*
*Мæнæн дæр мæ фæрстæ кæй не сты æндонæй, гьей.*
*Мæ зæрдæ йæ мæтæй кæй судзы, кæй риссы, гъей,*
*Мæ хъару, мæ тых мын кæй сæтты, кæй исы, гъей.*

*Зæгъут ын æргомæй, бирæ йæ кæй уарзын, гъей,*
*Æнæ уый цæрын æз кæй нæуал фæразын, гъей.*
*Мæ сомы йæ номæй æдзух æз кæй кæнын, гъей,*
*Йæ дзырдмæ – «цæуын дæм» – æнхъæлмæ кæй кæсын, гъей.*





**ДАУРАТИ Дамир,**
Цæгат Иристони адæмон финсæг

ЕВГЪУД æноси 90-аг æнзти райдайæни нæ республики журналистти уæди Цæдеси фæндæмæ гæсгæ исфæлдистадон балций рандæ дæн идард Сиримæ. Абони уоми медбæстон тугъд цæуй, кæрæдзей си марунцæ æма стъегъунцæ, сабур цард си ихæлуй, фал уæд æз уоми ме 'мбæлтти хæццæ фæууидтон рæсугъд æма райдзаст сахартæ æма гъæутæ, иуазæгуарзон æма медбилти ходгæ адæми, махбæл хъæбæр бацийнæ кодтонцæ уоми цæрæг ирæнттæ, нæ цуди сæр фулдæр етæ адтæнцæ.

Еу æхсæвæ æнафони аци бæсти сæйраг сахар Дамаски рохс гъæунгтæй еуеми тезгъо кодтан. Нæ фусунти хестæр Æлбегати Азæмæт æма æз – разæй, нæ иннæ æмбæлттæ ба – фæстегæй. Фарста мæ Иристони, нæ бæсти хабæрттæй. Æз куд арæхстæн, уотæ ин дзуапп лæвардтон. Азæмæт нигъгъос æй, æхе гъудити ранигъулдæй, еуминкъий мæ райдард æй, æма æнæнгъæлæги райгъустæй æ зарун:

*– Æмбисонд æрбауай,*
*Цæлойтæн сæ рæсугъд, гъей,*
*Мæ уд мын фæхаста*
*Дæ бакаст, дæ бахудт…*

Æз мæ медбунати сагъдауæй байзадтæн, фæстегæй мæ ме 'мбæлццон Гокъоти Хадзиморат æрбаййафта, еци æнæдзоргæй кæрæдземæ бакастан. Дес, Цийнæ æма Сæрустурдзийнадæй байдзаг æнцæ нæ цæститæ æма зæрдитæ. Игъустæнцæ ирон лирикон зари ездон дзурдтæ æцæгæлон сахари астæу, истудтонцæ æнæсайд уарзондзийнади æма дууæ уодей кæдзос æнкъарæнтæ. Уæдмæ, æвæдзи, Азæмæт бафеппайдта æ фарсмæ ке нæбал дæн, уой, æ зар æрдæгбæл фæууагъта, фæстæмæ нæмæ разилдæй, нæ размæ æрæздахтæй æма нин нæ уавæр ку балæдæрдтæй, уæд зæнхæмæ ниндзаст æй æма загъта:

– Иристон мæ зæрдæбæл ку 'рбалæууй, уæд ахид аци зар низзарун… Еу-инсæй анзей размæ мин уордигæй еу пластинкæ æрбарвистонцæ, байехсуйунмæ мин гъавуй, фал бабæй нæбал фæллæуун, нæуæгæй æма бабæй æй нæуæгæй исæвæрун. Мæ фидтæлти зæнхæбæл мæ балæуун кæнуй мæ бæллецти, базуртæ мæбæл базайуй, мæ цæститæбæл нæ хуæнхтæ æма нæ ирон силгоймæгтæ рауайунцæ. Уæхæн адтæй Цæлойти кизгæ дæр. Хæстæгмæ 'й сумахæй неке зудта, неке фæуудта?.. Æцæг адтæй уæхæн зари аккаг рæсугъд?..

Мах бабæй Хадзиморати хæццæ кæрæдземæ бакастан, уæхæн æнæнгъæлæги фарстатæн нæмæ, гъулæггагæн, дзуæппитæ нæ разиндтæй: нæй зудтан, нæ еу дæр æй нæдæр хæстæгмæ фæууидта, нæдæр идардмæ, кедæр загъдау, æз уобæл гъуди дæр некæд ракодтон, айдагъдæр зудтон еци зар Туати Дауити пьесæ «Пæсæйы фæндон»-и ке ес, уой.

Уобæл æнзтæ рацудæй, Дамаски еци æхсæвæ мæ иронх кæнун дæр ма райдæдта, фал уæдмæ бабæй мæ еци балци туххæй мæ киунугæ геппи рауагътон æма мæмæ уæдæй фæстæмæ нæ фембæлдтити фарстатæ дæттун райдæдтонцæ: ка адтæй Цæлойти рæсугъд, циуавæр адтæй, ци косæг, цæмæн ибæл ес уæхæн зар, уагæри циуавæр рæсугъд адтæй… Етæ мæхецæн дæр цæмæдесаг иссæнцæ…

Æма уæд еу сæумæ Дзæуæгигъæуи Дзанайти Ивани гъæунги бахуастон игъустгонд айййевадон архайæг, Дауити кизгæ Темини дуар æма мæ е кæд бустæги нæ, уæддæр еу минкъий æцæгдзийнадæ базонунмæ фæххæстæгдæр кодта.

– Кæд ма ести зонун, уæд æ фиццаг вариант хундтæй Саламати рæсугъди зар, – загъта мин е. – Мæ мадæ Люби ном си иссирдта мæ фидæ. Адтæй æрæдойнаг кизгæ, цуппар æнсувæри æма аст хуæрей кæстæр. Хуæртæн адтæй сæ тæккæ рæсугъддæр. Æхуæдæг куд имиста, уотемæй революций размæ адтæнцæ гъæздуг æма кадгин хæдзарæбæл нимад, адтæй сæмæ цалдæр тукани, дæлæ Кæрдзини гъæуи рази Бехъани цади алливарс зæнхитæ дæр ани адтæнцæ. Абони уæнгæ ма Æрæдони астæу сæ хæдзæрттæй еу рæстæги тумугътæн ихалун нæ бакумдта, æ фарсбæл ма «Саламатæ», зæгъгæ, бакæсæн дæр ес... Мæ фиди хæццæ кæрæдзей хъæбæр берæ уарзтонцæ. Дауит ку рамардæй, уæд ин Туати хестæртæ барæ равардтонцæ, нурма, дан, æригон дæ æма æндæр амонд иссерæ, фал е не 'сарази æй… Гъе æцæг зари Цæлойтæй цæмæн рагæпп кодта, мæ мадæй рæсугъддæр ка разиндтæй, мæ фидæ æ фæндæ цæмæн раййивта, уони дин нæ зæгъдзæнæн. Нæ сæ зонун. Бафæрсæ ма…

Адтæн архивти, бабæрæг кодтон театралон æма литературон музейтæ, кастæн Дауитæн æхе имисуйнæгтæ æ пьесæбæл куд куста, уой туххæй, дзубанди кодта нæ Ирон театри зæронд артисттæй кедæрти хæццæ… Еци зари историй туххæй мин си неке неци радзурдта...

Фал дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ ку агорай, уæд æнæмæнгæ иссердзæнæ, æнгъæлмæ кæсунæн дæр фæразун зонун гъæуй, зæгъгæ. Еци гъуддагбæл мæ къох ракъуæрунмæ куд гъавтон, уотæ мæ еу изæр телефонæй дзубандимæ иссирдта Дзæуæгигъæуи педагогон институти ахургæнæг, хумæллæггаг Цæлойти-Фидарати Риммæ:

– Рагацау дин æй зæгъон: е адтæй мæ фиди хестæр æнсувæри кизгæ Изетæ, – райдæдта æ дзубанди ку исæмбалдан, уæд Риммæ, – æз мæхуæдæг дæр уой æрæги базудтон, раздæр ба ин 50-аг æнзти райдайæни æ зар фегъустон. Еу зуймон изæр æй фиццаг хатт нæ гъæуи колхози уазал клуби разардта нæ ахургæнæг Æгайти Александр, фæндурæй ба ин цагъта нæ синхаг Калоти киндзæ Минтæ. Абони дæр ма мæ цæститæбæл уайуй еци æрдæг талингæ зали бадæг адæм куд исистадæнцæ æма син къохæмдзæгъдæй куд арфæ кодтонцæ, е.

Æз ма хуарз гъуди кæнун, нæ хестæртæ куд дестæ кодтонцæ, уой, махæн, дан, нæ тъума-тъумай дæр Изети хузæн рæсугъд силгоймаг нæма адтæй, мадта, дан, æ мади æрвадтæлти 'рдигæй дæр уæхæн неке гъуди кæнæн. Æрдзæ ин ци уиндæ æма ци конд равардта, етæ ин раздæр маст æрхастонцæ, фæстæдæр ба – намус.

Цуппæрдæс анзи ибæл ку цудæй, уæд æй бауарзта Æлбегати биццеу Митя нæхе гъæуæй. Минæвæрттæ цалдæр хатти æрбахизтæнцæ Цæлойти къæсæртæбæл æма-еу уал хатти зæрдæзæгъгæ дзуапп нæ райстонцæ, уотемæй раздахтæнцæ. Нæ муггаги хестæртæ 'й киндзи раттуни кой нæ уагътонцæ, Æлбегатæ ба лæуд адтæнцæ æндæр фæндæбæл:

– Нур нин æй раттетæ, цалинмæ киндздзон кизгæ исуа, уæдмæ бал Æлбегатæмæ гъомбæл кæндзæнæй, уæдта гъуддаг æхуæдæг æхе амондзæнæй.

Махуæнттæ ку нæ арази кодтонцæ, уæд еу фæссехуар Изетæ е 'мбал кизгутти хæццæ гъæугæрон куройни размæ нинæгътæ тонунмæ куд рандæй, уотæ 'й Æлбегати биццеутæ багъæуай кодтонцæ æма 'й раскъафтонцæ. Гъæу æмæзмæлд иссæй. Минкъий ма багъæуа æма дууæ муггаги кæрæдземæ тохæнгæрзтæ ма исесонцæ, Хуцау хуарз, æма се 'хсæн курухон лæгтæ бацудæнцæ.

Нæ гъæуи хестæртæ ма абони дæр гъуди кæнунцæ еци Æлбегати. Адтæй син рагон цъæхсæр хæдзæрттæ Хумæллæги бæстастæу, фал сæбæл 30-аг æнзти кулакки ном исæвардтонцæ æма син сæ фехалдтонцæ, фæстæдæр уони равардтонцæ бунæттон гъæусоветæн, уæдта бабæй партий райкомæн дууæуæладзугон исамадтонцæ, еу тургъи ин исæвардтонцæ Сталини бæрзонд циртдзæвæн. Нуртæккæ уоми ес сувæллæнтти рæвдауæндонæ.

Еци хæдзарвæндагæй абони некебал ес, Сибирмæ сæ фæххастонцæ, айдагъдæр сæ биццеу æма сæ киндзæн Ленингрдамæ фæлледзун бантæстæй. 1941 анзи Изетæ рацудæй Иристонмæ. Уæдма син биццеу райгурдæй æма, дан, æй мæ хæстæгутæн фæууинун кæнон. Фал еци бæнттæй еуеми райдæдта Устур Фидибæстон тугъд æма 'й фæстæмæ еци тæссаг надбæл нæбал рауагътонцæ. Æ цардæмбал Митя уоми еунæгæй байзадæй æма блокади гъезæмæрттæ еугурей дæр æхебæл бавзурста: тугъд Невай билæй ку райдард æй, уæд æй Изетæ ниййафта незæфхуæрдæй. Кæд ин ниййерæг зæнхи уæлдæф ести агъаз фæууидæ, зæгъгæ, ма 'й Хумæллæгмæ бæргæ исласта.

Изетæ нæбал раздахтæй, уоми, дан, кедæр сахари еунæгæй куд уодзæнæн, ци уодзæнæн, зæгъгæ, æма уоми фатер Дзæуæгигъæумæ баййивта, æрцардæй Мæскуй гъæунги 4-аг хæдзари.

Еци рæстæг нæхе Ирон театри кустонцæ «Пæсæйы фæндон» сценæбæл æрæвæрунмæ. Пьеси сæйраг хъайтартæй еу, колхози бригадир Æхсарбег е 'стур æнкъарæнтæ æма æ зæрди содзгæ сагъæстæ æ уарзон кизгæн гъæуама раргом кæна евгъуд æностæй нæмæ ка æрхъæрттæй, еци адæмон зари дзурдти. Фал етæ нур гъæуама хауонцæ кæддæри æримисгæ зинæнæнвæрсон, æгæр сæрустур кизгæ Пæсæмæ нæ, фал нæхуæдтæ ке зонæн, æцæг уарзти аккаг ка й, абони Иристони тæккæ рæсугъддæрбæл ке нимайæн, уæхæн нуриккон хумæтæг æма ездон силгоймагмæ.

Æз дин æй, Дамир, дзорун мæхуæдæг æй куддæриддæрæй фегъустон, уотæ… Уæд, дан, зундгонд режиссер Тотрати Бесæ уотæ зæгъуй, уалæ, дан, æз ци хæдзари цæрун, уордæмæ æрæги кæцæйдæр ислигъдæй æнахур рæсугъд силгоймаг, æ муггаг Цæлойтæй, мæйтæ æма хортæ кæсунцæ æ цæсгонæй, æз, дан, уæхæн рæсугъд нæма фæууидтон нæ сахари. Артистбæл сæ цæмæдесдзийнадæ

фæттухгиндæр æй æма театри нæлгоймæгтæ цалдæремæй еци хæдзарæмæ иссудæнцæ, уомæн рæуонæ иссирдтонцæ æма ин æ дуар бахуастонцæ:

– Нæ ирон сценæмæ гъæуама рацæуа мæнæ дæу хузæн рæсугъд æма хуæрзконд силгоймæгтæ. Хонæн дæ нæ театрмæ.

– Æз сæмæ бахудтæн, – фæстæдæр ахид æримисидæ еци бон æхуæдæг, – фал син не ‘сарази дæн, зæгъун, мæнæй уин цæй артист ес.

Уомæй еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте зундгонд театрæртасæг Бæциати Агудз спектакль «Пæсæйы фæндон»-и туххæй ци рецензи ниффинста, уоми ес мæнæ ауæхæн фæлмæн рæнгъитæ: «Æмæ мæнæ райзæлдæй Æхсарбеги (артист Баллати Валодя) зар – зæрди гъæрзун Цæлойти рæсугъди туххæй. Райзæлдæй æмæ еугурдæр уомæ игъосунмæ фæцæй, болæмæргъ æ дессаги зар ниуугъта, хуæнхон сауæдæнттæ сæ хæл-хæлæй фæгъгъос æнцæ, хæрандзийнадæ кæмидæр аууони æхе баримахста... Уæхæн æй æцæг уарзондзийнади тухæ, уæхæн домбай»...

Æз аци рæнгъитæ ку æримисун, уæд бабæй зæрдæ реуи исгупп-гупп кæнуй, сæрустурдзийнади æнкъарæнти сауæдонæ си игуруй.

Æвæдзи ма разиндзæнæй, аци хабæрттæ бæлвурддæр ка зонуй, еске сæ, гæнæн ес, æма æндæр хузи дæр фегъустайдæ. Уотæ дæр ма дзурдтонцæ, зæгъгæ, æндæр рæсугъдти номхигъд дæр ма, дан, сæмæ адтæй, æма уонæй дæр кæмæдæрти уинæг рандæнцæ, фал уæддæр фæстагмæ æрлæуудтæнцæ Бесæйи кандидатурæбæл. Тæрегъæд зæгъун мæ нæ фæндуй, фал уотæ дæр райгъустæй театри косгутæй, дан, æй кадæр сосæгæй уарзуй æма ин еци хузи гъавта æ зæрдæ балхæнун. Нæ зонун, нæ зонун... Мæхебæл æнзтæ ку рацудæй, минкъий ку фендиуддæр дæн, уæд æй уомæй ку бафæрсинæ, зæгъгæ, фал имæ мæ нифс некæд бахастон æма еци сосæгдзийнæдтæ æ хæццæ е ‘цæг дуйнемæ фæххаста.

Фæффæрсунцæ мæ Изетæн Ленингради фæсте æ идарддæри хъисмæт куд рауадæй, уомæй. Æз ма хуарз гъуди кæнун, махæн нæхе хæдзарæй дуккаг хатт киндзи куд цудæй, уой. Киндзи æрцудæй ольгинскæйаг Борсæти Батæрбегмæ. Еци бон æз уоми мæхуæдæг æвдесæн ци цауæн адтæн, е ма абони дæр мæ цæститæбæл уайуй. Киндзи хестæртæмæ ку ракодтонцæ, уæд финги хестæр Гугкати Бодзикка исистадæй æма уотæ зæгъуй, киндзæн, дан, æ хæцъелæбæл еуминкъий хердмæ исхуæцайтæ, æ цæсгон нæмæ равдесетæ. Лæмбунæг имæ нимдзаст æй, еуцæйбæрцæдæр æдзинæгæй лæудтæй, уæдта ку ниддес уидæ:

– Мæнæ ци рæсугъд, мæнæ!..

Æма уобæл фæккиудтæй, бæгæний къос æ къохтæй æрхаудтæй, еци усмæ уоми æ уод исиста. Дæ цæститæбæл рауайун кæнæ, уоми цитæ цудайдæ, уой. Хæдзарæ силгоймæгти цъæхахстæй байдзаг æй, киндзæ, мæгур, фæттарстæй, никкудтæй æма балæгъуз æй, къохбæлхуæцæг æма е ‘мдзиуаргин ибæл фæххуæстæнцæ æма ‘й тургъæмæ раскъафтонцæ...

Еци æверхъау цау кæми æрцудæй, е мæнæн æма мæ кæстæр хуæрæ Майæн нæ хуссæнуат адтæй, фал мах уордæмæ нæбал бакумдтан, нæ хуссæнтæ æндæр рауæнмæ рахастан. Уомæй цалдæр боней фæсте мæ æмбесæхсæви мæ хуæрæ райгъал кодта Бодзиккай, дан, мæ фуни фæууидтон. Зæгъун, ци хабар æрцудæй, нурма ‘й нур ку банигæдтан. Цума, дан, нин нæ тургъи дуар æрбахуаста æма уотæ зæгъуй, мæ къæдзæлæдзæг, дан, уæ тургъи байзадæй, радавæ мин æй... Æма уобæл æрбадæлзæнхæ ‘й.

Мах уæд сауæнгæ боницъæхтæмæ нæбал бафунæй ан, уæдта нæмæ нæ мадæ дуккаг уæладзугмæ ку иссудæй, уæд ин еци фуни туххæй радзурдтан. Е цæхгæрмæ фæззилдæй, тургъæмæ рауадæй æма уоми дуари фæсте еци лæдзæг, æцæгæйдæр, ку разиннидæ. Исхаста син æй сæ хæдзарæмæ, етæ уæлмæрдтæмæ рандæнцæ æма ин æй æ цирти уæлгъос ниффæлдистонцæ.

Уæхæн дзоргутæ дæр адтæй, зæгъгæ, дан, еци кизгæрветæн бони Цæлойти тургъи ци цау æрцудæй, уомæ гæсгæ, кæд естæбæл æууæндæн, уæд Изетæ æ нæуæг хæдзари æнхæст амонд не ‘ссердзæнæй. Еуетæй е æруагæс кодта, иннетæй – нæ. Æ уоми цардæй æхуæдæг нæдæр æстаугæ ескæд ракодта, нæдæр – фаугæ, æцæг еци рæсугъдæй байзадæй зæронди бонтæмæ, æ уорс-уорсид сæр адæми астæу идардмæ зиндтæй, нæ кæстæртæ æдзох бæлдтæнцæ æ хæццæ гъæуни ратезгъо кæнунбæл, еугурæйдæр уонæмæ кастæнцæ...

Цæлойти рæсугъд рамардæй 1987 анзи уалдзæги. Æхуæдæг куд фæдзахста, уотæ ‘й банигæдтонцæ Хумæллæги астæуккаг уæлмæрдти. Æз ин æрæги бабæрæг кодтон æ цирт. Уарунтæ сæ фæд кæбæл ниууагътонцæ, уæхæн ниллæггомау циртæй мæмæ комкоммæ кастæнцæ æ устур хъоппæгъ цæститæ, даргъ бæзгин æрфгутæ, раст фий, фæтæн æма бæрзонд тæрних, æ сæригъунти æвæрд мин мæ цæститæбæл рауайун кодта, Къоста берæ ке уарзта, еци Цæликкати Анни хузæ поэтæн æхе конд портрети. Зæронд адæм ма фæззæгъунцæ уæхæнттæй, фиццагон ирон кизгуттæй адтæй, зæгъгæ.

Фæффæрсунцæ мæ Изети еунæг биццеу Костяйæй дæр. Цæруй Мæскуй. Уæлмæрдгæс мин куд загъта, уотемæй æй ами некæдма фæуууидта, æвæдзи, дан, си Хумæллæгмæ над феронх æй...

Аци бæнтти дæр ами, Иристони, уæлдайдæр æхсæвæй-бонæй ка косуй, еци радиойæй ахид фегъусуй Цæлойти рæсугъди зар, фал мин кæддæр æцæгæлон Дамаски астæу ци устур цийнæ æрхаста, уæхæн нæбал æрхæссуй...

Цæмæн цума, мæ кæсæг?




# БАЙРАГ

РАГИ-МА-РАГИ цардæй æхсæз æнсувæри. Æвдæймагæн ба син райгурдæй байраг, фал æ къахбæл нæ рауадæй. 'Ма син къæсибадæг уосæ уотæ байамудта:

– Ес еу рæсугъд кизгæ, 'ма 'й гъеуомæ фæлласетæ. Ечи кизгæ уин æй исдзæбæх кæндзæй.

'Ма 'й фæлластонцæ и кизгæмæ, баймæдзурдтонцæ, 'ма сæмæ рацудæй. 'Ма и кизги байраг ку раидта, уæд уæрдунæй рагæпп кодта 'ма никкафта. Уæд син и кизгæ уотæ дзæгъуй:

Ачи изæрæй мæнмæ уагътæ, сæумæ ба 'ймæ æрбацæудзиайтæ.

– 'Ма 'й е 'нсувæртæ ниуууагътонцæ уоми. Сæумæ æнсувæртæ ку æрбацудæнцæ се 'нсувæр-байрагмæ, уæд син и кизгæ æхе корун кодта байрагæн.

Фиццаг æнсувæртæ нæ аразиу кодтонцæ, фæстагмæ бафедудтонцæ, 'ма 'й æрхудтонцæ. Сæхемæ æрцудæнцæ 'ма цæрун байдæдтонцæ. Уæд дин еу сæумæ кæстæр киндзæ хестæр киндзити мæтъæлæй фæййидта 'ма сæмæ дзоруй:

– Цæбæл мæтъæл айтæ, æви, уæ лæгтæ цауæни ке рандæнцæ, е уин зин адтæй? 'Ма ин етæ ба:

– Дæу ба чи гъуддаг ес, мах ма лæгти хæццæ ку цæрæн, ду ба, æ бон кæмæн нечи 'й, уæхæн байраги хæццæ ку цæри.

'Ма син и кизгæ уотæ:

– Æз уин æй фæййинун кæндзæн, ке хæццæ цæрун.

Ку æрæхсæвæй, уæд байраг æ цар æргæлста 'ма рæсугъд лæхъуæн фестадæй. И кизгæ баздагъдæй 'ма сосæгæй ин æ цар басугъта. И сугъди смагмæ лæхъуæн фегъалæй, 'ма 'й ку рауидта, уæд ин хъæбæр зин адтæй. Чъеу фестадæй 'ма ратахтæй, æрмæст ма æ уосæмæ исдзурдта:

– Ку мæ агорай, уæд мæ аргъуди мæсуги иссердзæнæ.

Сæумæй кизгæ æхе исрæвдзæ кодта, 'ма цауæни си кæчи æнсувæр цудæй, уой райста æмбалæн 'ма рандæй агорунмæ. Ка 'й зонуй, цæйбæрцæ фæццудæнцæ, фал сæбæл рамбалдæй бæхгæс е 'ргъауи хæццæ. 'Ма 'й и кизгæ бафарста, ке бæхгæс æй, уобæл. Бæхгæс исдзуапп кодта:

– Цауæйнон Хасани.

Фæццæунцæ идарддæр 'ма сæбæл рамбалдæй гали æргъау, фусти дзогæ, 'ма етæ дæр адтæнцæ цауæйнон Хасани. Уæд дин бахъæрттæнцæ Хасани хæдзарæмæ, 'ма дин кæсунцæ, тургъи бастæй лæудтæнцæ дууæ хæрæги. Хасанмæ бадзурдтонцæ 'ма сæмæ рацудæй. Хасан иуазгути медæгмæ бахудта, хуæруйнаг син ниввардта. Етæ цалинмæ хуардтонцæ, уæдмæ Хасан æ хабæрттæ ракодта.

– Адтан лæг æма уосæ, дзæбæх цардан, æз цауæни хаттæн. Еу бон мæ уоси мæтъæлæй æрæййафтон 'ма 'й бафарстон, цæбæл мæтъæл дæ, зæгъгæ. 'Ма мин загъта: «Еунæгæй байзайун 'ма мин е зин æй». Иннæ сæумæ ба 'й мæ хæццæ рахудтон, рамардтан саг æма рæубес. Саг æз хастон, е ба рæубес хаста, 'ма еумæ цудан. Уæд нæбæл уæйуг рамбалдæй, 'ма мæ уосæ рæубеси уомæ равардта, цæмæй æй е хастайдæ. Уæд фæстегæй изайун райдæдтонцæ, 'ма мæ нæбал æййафтонцæ. Нæхемæ æрбахъæрдтан, 'мæ мæ уæйгутæ æнай-æнойти бæттæнæй æрбабастонцæ, сæхуæдтæ и фид бахуардтонцæ, мæнæн ба æстгутæ æркалдтонцæ. Хуссун афон ку 'рцудæй, уæд мæн тъæфсæй æртъæпп кодтонцæ, 'ма куй фестадтæн, сæхуæдтæ ба ниххустæнцæ. Æз дæр æхсæвæ ралигъдтæн. 'Ма еу уоси хæдзарæмæ бацудтæн 'ма ин æ кæрджин фунукæй райстон, хуæрун æй ку байдæдтон, уæд мæ и уосæ æрбаййафта, фал мин мæ къæбæр нæ райста, 'ма и уосæмæ цæрун байдæдтон. Фиййæуттæ мæ базудтонцæ 'ма мæ фусгæсæн ракурдтонцæ. Фæммæластонцæ, уосонги фарсмæ мæ бабастонцæ 'ма мин цæлæ никкодтонцæ. Уæд æхсæвæ еуæндæс берæгъи нинниудтонцæ: «Уа, Хасан, не 'рисхъæ нин нæ хъурæй ку сластай». Ма сæмæ бадзурдтон: «Рауайтæ, æз дæр ма уин æмбал». Сæ фустæ син ниццагътонцæ, сæумæ ба мæ ратардтонцæ. Æрцудтæн и уосæмæ, 'ма бабæй мæ æндæр фиййæуттæ ракурдтонцæ. Етæ ба мæ уæрдуни ниввардтонцæ, æрбамæластонцæ, хуарз мин бахуæрун кодтонцæ. Изæри бабæй фæззиндтæнцæ берæгътæ, 'ма сæмæ радзурдтон, рауайтæ, æрмæст еугæйттæй. Сæумæ фиййæуттæ ракастæнцæ, 'ма фæййидтонцæ берæгъти кæрæ. 'Ма мæ нæхемæ æрбаластонцæ и уосæмæ. И уосæ мин дзагъта еухатт ба:

– Мæнмæ дин дзæбæх бæргæ й, цауæйнон Хасан, фал куййæй кæдмæ хæтдзæнæ. Уæхемæ фæццо, 'ма, дæ уосæ 'ма уæйуг ку ниххусонцæ, уæд багъузæ 'ма гъæфсæй дæхе æркъуæрæ 'ма лæг фестдзæнæ. Уонæн ба, чи дæ фæндæуа, уой кæндзæнæ.

– Æз дæр уотæ бакодтон. 'Ма, æндеггæй чи дууæ хæрæги лæудтæнцæ, етæ æнцæ мæ уосæ 'ма уæйуг.

Хасан æ тауæрæхъ ку фæцæй, уæд ин силгоймаг æ хабæрттæ ракодта, 'ма 'й бафарста, кæми 'й ечи мæсуг. Хасан ниссагъæси 'й 'ма ин дзагъта:

– Æз æй нæ зонун, фал мæ мади хуæрæ цæруй минкъий изолдæр, 'ма уой бафæрсæ. Мæ мади хуæрæн æ къахбæл сункъæ ес 'ма 'й сосæггай фæкъкъæртт кæнæ, уой фæсте дæхе баримæхсæ, цалинмæ дин æ хуæри соми ракæна, уæдмæ дæхе ма бавдесæ. Ку расоми кæна, уæдта 'ймæ дæхе бавдесæ. Бадæримæхсдзæй, цалинмæ е 'ртæ фурти æрбатæхонцæ, уæдмæ. Хестæр фурт кæнуй арвбæл æртæ зилди, астæуккаг – æхсæз, кæстæр – фараст зилди. Æнсувæрти мæсугбæл бафæрсдзинайтæ.

Хасан, куд загъта, и кизгæ уотæ бакодта. Кæстæр æнсувæр æй зудта, аргъуди мæсуг кæмий, уой. Æ рагъбæл æй исбадун кодта 'ма 'й фæххаста мæсугмæ. Мæсуги рази 'й æривардта 'ма ин дзагъта:

– Дæ лæг ку æрбатæха, уæд имæ дæхе ма бавдесæ. Æ фунæй ин бахезæ, уæдта 'й райахæсдзæнæ. Ку дæ фæййина, уæд фондз анзи нæбал æрбатæхдзæнæй. Сæумæ ба дæмæ æз æрбатæхдзæнæн. Уæд и чъеу æрбатахтæй 'ма ниххустæй. И кизгæ ин æ фунæй кæнун нæ бахизта, 'ма 'йбæл æхе ниццавта. 'Ма ин ратахтæй, фондз анзи нæбал разиндтæй, уой фæсте ба æрбатахтæй фæстæмæ, 'ма 'й и кизгæ хизта, ку ниффунæй æй и чъеу, уæд æй райахæста, 'ма ин лæг фестадæй, уой адæбæл æ лæги иссирдта. 'Ма ма нур дæр цæрунцæ.

Мах уони куд нæ фæййидтан, уотæ æнæнезæй цæретæ.

**РЕДАКЦИЙÆЙ***: Аци таурæхъ исистан САЛÆГАТИ Зойи арæзт æмбурдгонд «Ирон адæмон сфæлдыстад»-æй. Мухур æй кæнæн, уоми ци хузи мухургонд æрцудæй, уотемæй.*



# Æ РАВЗУРСТ НАДБÆЛ НИФСГУНÆЙ ЦÆУЙ

ХУЗÆГÆНÆГИ дæсниадæ æнгон баст æй æрдзæ æма адæймаги æнкъарæнти хæццæ. Хузæгæнгутæ арфдæр уинунцæ аллибони цард. Етæ иннæ адæмæн сæ аййевади фæрци æвдесунцæ дуйней рæсугъддзийнадæ. Иристони ес искурдиадæгин фæсевæд, уонæй еу – Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдеси иуонг **Сæбанти Ирбег**.

Æригон хузæгæнæгæн аййевадæ исæй æ царди Бонвæрнон, æма ин абони дæр амонуй над. Дзæуæгигъæуи Дзанайти Азанбеги номбæл аййевадон училищей дизайнери дæсниади хайади райдæдта Ирбеги над. Уæдта рандæй æфсадмæ, уой фæсте æ ахур райдарддæр кодта ЦИПУ-и аййевадон факультети. Æригон хузæгæнæг фæййархайуй айдагъ нæ республики равдистити нæ, фал нæ синхаг республикити дæр æма Уæрæсей æндæр регионти. Уой хæццæ ма ин адтæй сæрмагонд равдиститæ дæр. Ирбег куд загъта, уотемæй адæймаг гъæуама æхебæл аллибон дæр коса, цæмæй æ дæсниади уа хуæздæрти хуæздæр. Æхуæдæг мольберти уæлгъос изæригон, кæдзосзæрди æнкъарæнти хæццæ балæууй, цæмæй хузæгæнæги гъудитæ маци хъор кæна.

Алли дæсниади дæр æригон фæсевæдæн гъæуама уа дæнцæн – ахургæнæг. Е фæуууинуй æ кæстæри искурдиадæ æма ‘й исразæнгард кæнуй е ‘рдзон лæварбæл косунæн. Ирбегæн дæр ес уæхæн хестæртæ. Се ‘хсæн – Советон Цæдеси æма Уæрæсей æскъуæлхт хузæгæнæг **Бедойти Шалва**, Уæрæсей адæмон хузæгæнæг **Челæхсати Магрез** æма иннетæ. Æхуæдæг дæр кодта ахургæнæги куст Алайнаг гимназий, уоми кæстæртæн амудта исфæлдистадон сосæгдзийнæдтæ.

Зæрдхæлар хузæгæнæгæн сæйрагдæр æй æ куст æма æ дæсниадæ уарзун, æма Ирбег дæр уæхæн цæстæй кæсуй хузæкæнуйнадæмæ. Æ гъудимæ гæсгæ, адæймаг, фиццагидæр, гъæуама гъуди кæна æ уодбæл, æма æ зæрдæмæ ци куст цæуй, уой кæна. Ирбегæн æнтæсуй æ равзурст надбæл нифсгунæй цæун, æма 'й æ еци менеуæг никки хъæбæрдæр разæнгард кæнуй аййевади бæрзæндтæмæ.

***ГÆДЖИТИ Агундæ***







КÆСТÆР ИСКУРДИАДÆГИН КУ РАЗИННУЙ, УÆД СИ ДЗИЛЛÆ ÆНÆГЪÆНÆЙ ДÆР СÆРУСТУР ФÆУУНЦÆ!..



# ÆРВÆСТДЗИЙНАДÆ ДЗИЛЛÆМÆ ÆЦÆГ АЙЙЕВАДÆ ХЪÆРТУН КÆНУЙ...

АБОНИ фæсарæнти политиктæй нæ нихмæ ка дзоруй, сæ дзилли си æнæхай ка кæнуй, етæ сæ еци фудзунд миутæй ци знаггадæ аразунцæ дуйнеуон культури райрæзтæн, уой лæдæрунцæ æви нæ, уобæл нæ дзордзинан. Сæйрагдæр е æй, æма еци бæстити цæргутæ зундгиндæр разиндтæнцæ æма æхцæуæнæй æмбæлунцæ нæ аййевади минæвæрттæбæл, сæ исфæлдистади хæццæ зæрдæхцæуæнæй зонгæ кæнунцæ.

Уомæн æвдесæн – Европи иристойнаг культури Бонти рæстæг Нидерландти номдзуд хузæгæнæг Ван Гоги музейи æрæги 29 июни байгон æй Цæгат æма Хонсар Иристони æртæ æма инсæй хузæгæнæгей равдист.

– Равдист уоййасæбæл хъæбæр зæрдæмæдзæугæ ‘й æригон аййевадæуарзгутæн, – зæгъуй æхсæнадæмон æнæкоммерцион ассоциаций «Ренессанс»-и сæрдар **Пухати Радион**. – Еуемæй, хъæбæр дестæ кæнунцæ, нæ хузæгæнгути куститæ цæйбæрцæбæл бæрзонд æнхæстгонд æнцæ профессионалон æгъдауæй, иннемæй ба си цæмæдесаг æй е дæр, æма уæхæн берæ искурдиадæгин хузæгæнгутæ ‘нцæ еу, бæрцæй минкъий адæмихæттити минæвæрттæ... Равдистмæ æрбацæуæгутæ куд фæззæгъунцæ, уотемæй Уæрæсей Хонсари туххæй сæ зонундзийнæдтæ бустæги фендæрхузон æнцæ хуæздæрæрдæмæ. Берæ цæбæлдæрти нæ лæмбунæг æма цæстуарзонæй фæффæрсунцæ, æма син мах дæр фæххабæрттæ кæнæн нæ адæмти æма сæ аййевади туххæй.

Равдист рацæудзæнæй 5 августи уæнгæ.





# Æ КАРНИ РАЙДАЙÆН – Æ ХОРÆФСЕС ИСФÆЛДИСТАДÆ

ДЗÆУÆГИГЪÆУИ 9 июли æстдæс сахаттебæл сувæллæнтти театр «Сабий»-и рацæудзæнæй **Плити Николи** поэтикон концерт. Уордæмæ бацæун æнгъездзæнæй «Пушкинская карта» ке хонунцæ, уой бавдесгæй.

Николи мадæ – **Плити Зæлинæ** куд радзурдта, уотемæй æвзонг поэтессæ рагæй бæлдтæй Дзæуæгигъæуи концерт исаразунмæ.

– Концерт уодзæнæй, æмдзæвгитæй арæзт æ уарзон поэти портрет. Николь бакæсдзæнæй Пушкини, Лермонтови, Блоки, Ахматовай, Цветаевай, Рождественскийи, уæдта ма, ке зæгъун æй гъæуй, æ уарзон поэт И. Бродскийи æмдзæвгитæ. Бакæсдзæнæй ма нуриккон поэтти æмдзæвгитæ дæр. Николь ма базонгæ кæндзæнæй концертмæ кæсгути поэтти цардвæндæгти цæмæдесагдæр цаути хæццæ. Уомæй уæлдай ма бакæсдзæнæй æхе æмдзæвгитæ дæр. Аци бæнтти гъæуама рацæуа е ’ртиккаг киунугæ «Я научусь верить». Нæ зæрдæ дардзинан, типографий ’рдигæй кæд неци къулумпидзийнæдтæ æрцæуа, уæд адæм киунугæ фæуууиндзæнæнцæ концерти бони. Еузагъдæй, Дзæуæгигъæуи рацæудзæнæй агъазиау эксклюзивон, поэтикон концерт, – радзурдта Плити Зæлинæ.

Мæйи размæ Мæскуй Сурх фæзи рацудæй Николь Плиевай цуппæрæймаг сольный концерт. Уоми е бакастæй поэттæ-юбилярти æмдзæвгитæ.

Куд ма нин фегъосун кодтонцæ, уотемæй Николь берæ хæттити рамулдта Уæрæсей Кубок горæттаг æма æхсæнадæмон конкурсти æмдзæвгитæ кæсгути ’хсæн. Ахид æй фæххонунцæ «нæ бæсти сæйраг æмдзæвгитæ кæсæг».

Æртæ поэтикон æмбурдгондей автор, театр æма киной актрисæ, телеуинунадамонæг æма Мæскуй финсгути Цæдеси иуонг Плити Никольбæл цæуй еуæндæс анзи. Æхсæз анзи ибæл ку цудæй, уæдæй райдæдта æмдзæвгитæ финсун.

Дигорæ
Газет «ДИГОРИ» сæрмагонд уæлæфтауæн. Уагъд цæуй мæйæ еу хатт.
Æ дзуапдæттæг редакðортæ ГÆТИЙТИ Светланæ æма ГИБИЗТИ Риагинæ.
Редакций адрес: 362015, сахар Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, мухури Хæдзарæ, 6-аг уæладзуг, тел. 25-22-56.